

Haitian Creole/Ayisyen Kreyòl



*N'ap ede elèv nou yo
depi 1989*

**MANHATTAN COMPREHENSIVE
NIGHT + DAY HIGH SCHOOL**



**www.mcndhs.com
240 Second Avenue (corner of 15th street)
New York + NY 10003**

Kiyès ki kalifye ?

Lekòl nou an ki bay pi fò sèvis nesèsè pou siksè akadmik pou nenpòt lòt lekòl, fèt pou elèv nan laj matirite koteke Anglè se lang natinatal yo oswa Anglè se yon lang pou yo aprann **English Language Learners (ESL)**.

Elèv transfere ki soti nan yon lòt enstitiyon dwe :

- Gen **omwen laj 17 ane 1/2**
- Akimile omwen **17 kredi**
- Pase youn nan egzamen Eta “Regents” ak yon rezilta egal oswa pi wo ke 65% :
 - Anglè (ELA Regents) oswa.
 - Istwa Mondyal (Global History) oswa.
 - Istwa peyi Etazini (U.S. History).

Elèv ESL dwe :

- Gen **omwen laj 17 ane 1/2**
- Fin fè owmen klas twazyèm (9th Grade) nan peyi yo sòti a

Tout elèv dwe :

- Pase youn egzamen ki pèmèt nou evalye nivo yo nan matematik ak yon lòt tès ki pèmèt nou estime nivo yo nan alfabetizasyon.
- Nan yon entèvyou pèsònèl, yo dwe pwouve yo pare pou patisipe seryezman nan kominote lekòl nou an.

Kijan pou mwen aplike?

1. Aplike sou sit entènèt **www.mcndhs.com**
2. Patisipe nan yon jounen infòmasyon epi pote tout dokiman w yo pou nou ka evalye aplikasyon w lan

Dokiman nesèsè

- Kanè nòt lekòl
- Rapò Evalyasyon elèv *Student Evaluation Report (RESI) IEP* oswa 504 (si w gen youn)



Sèvis nou bay nan lekòl nou an ?

Nan nivo akademik

- Posibilite pou gen yon diplòm Regents lekòl segondè, oswa yon diplòm Regents avanse, oswa yon diplòm Regents avanse ak Onè Eta Nouyòk (NYS)
- Klas lajounen pou nouvo elèv ESL (8h00am jiska 2h20pm)
- Klas leswa pou moun ki deja pale anglè byen e pou elèv ESL (3h10 pm— 9h30pm)
- **Kou avanse nivo inivèsite *Advanced Placement*** (AP) chimi, matematik, anglè, gouvèneman, espayòl, chinwa, ak franse
- **Kou “College Now”** an patnarya ak ***LaGuardia Community College***
- Leson patikilye, kou pou fè revizyon pou egzamen Regents, sipò pou elèv kapab pale anglè kòm dezyèm lang (ESL)
- Chak ane, nou bay elèv jiska **1.000.000 dola** bousdetid pou inivèsite

Sa nou planifye pou elèv lè yo fini lekòl segondè

- Opòtinite pou fè estaj peye
- Sètifika aprè Fòmasyon pou travay kòm yon Teknisyen Famasyon oswa Asistan doktè ak Reprèzantan Sèvis pou pasyan
- Pwogram pou gen de diplom an menm tant ou yon sèl diplom ak kolaborasyon Coop Tech
- Konsèy pou chwazi inivèsite, estaj ak plasman nan yon travay
- Elèv nou yo ki gradye ale nan inivèsite tankou Bard, Franklin & Marshall, Colby, Skidmore, Cooper Union, SUNY Stony Brook, Binghamton

Konsèy ak sèvis sipò

- **Tout** elèv jwenn ankadreman ak sipò de “*Comprehensive Development Inc.*”
- Asistans medikal, asistans legal, asistans pou jwenn travay e pou jwenn kay
- Manje gratis (pou elèv ki kalifye) ak yon kat transpò piblik (MetroCard)

Aktivite andeyò program regilye

- Klib, pwomnad, yon **bal** ak **yon seremoni gradyasyon** pou tout elèv ki diplome
- Ekip Espò PSAL : Foutbòl, Volleyball, PingPong



WHAT OUR STUDENTS ARE SAYING...



Our school is unique because of our diversity. You can learn about different cultures. We represent the world! It is amazing that students new to the country who have no prior English language experience can become experts after studying at MCNDHS.

— Tsering

作为一个新移民来美国的学生，我非常感谢学校对我的帮助让我尽快的融入了新的社会。与此同时我也希望17-21岁之间渴望学习英语和拿到高中毕业证书的人，加入这个大家庭。

— Hongjie



Mi experiencia en la escuela Manhattan Comprehensive ha sido extraordinaria, he conocido muchos estudiantes de diferentes partes del mundo. Mi Ingles tambien ha mejorado mucho desde que empeze a estudiar en esta escuela. Lo mas importante para un estudiante debe ser nuestro futuro y nuestro futuro empieza aqui en Manhattan Comprehensive.

— Jenifer

MCNDHS se yon lekòl ki mennen elèv yo sou wout siksè pou yo kapab prépare pou laveni yo. Mwen ap profite de okazyon sa pou mwen di kijan lekòl la gen anpil divisèsite . Nou chaje ak elèv ki soti patou nan lemond .

-Faridatou



www.mcndhs.com

240 2nd Avenue + New York + NY 10003

NYC Department of Education